




BATTERY PARK CITY ETE2026

 NEW YORK STATE | Battery Park City Authority

Nou kontan akeyi w nan yon sezon 2026 inoubliyab ak istorik nan Battery Park City!

Ane sa a gen yon siyifikasyon espesyal, poutèt n ap selebre 250yèm anivèsè Etazini. Sou bòdmè mayifik nou an sou Flèv Hudson, festivite yo ap gen ladan yo yon parad espektakilè Gran Bato ak yon Seremoni Enspeksyon Naval Entènasyonal bò 4 jiyè a – yon moman ekstrawòdinè pou katye a ak pou nasyon an.

Orè sezon an mele tradisyon nou renmen yo avèk nouvo eksperyans vivan, gras a yon varyete dinamik pwogram ak evenman eksepsyonèl. Evenman anyèl nou pi pito yo tankou Juneteenth, Festival Syedwa Mitan Ete a, Festival Battery Dance la, ak seri konsè River & Blues nou an ap la ankò, akote nouvo pwogram ki gen ladan yo yon sik pou tout fanmi an, aktivite lapèch, espektak dans, atelye reparasyon, ak plis bagay toujou. N ap akeyi tou yon vag enèji mondyal pandan Koupe di Mond FIFA a ap pote espò ki pi popilè sou latè a nan rejyon an, nan mwa Jen ak Jiyè.

Anmenmtan, n ap gade pi devan. Konstriksyon an ap dewoule kounye a sou Pwojè Rezilyans Nò ak Lwès Battery Park City a. – yon investisman esansyèl nan avni katye a. Menmsi pa gen dout travay sa yo pral pote kèk deranjman tanporè nan lavi kotidyen an, pwojè sa a fèt pou pwoteje kont gwo tanpèt ak nivo lanmè a k ap monte, epi alontèm li pral ranfòse rezilyans lan kont inondasyon epi anmenmtan amelyore bòdmè a pou jenerasyon k ap vini yo.

Pliske jamè, Battery Park City ap kontinye evolye kòm yon kote pou kominote a, kilti a ak bòdmè a vin reyini.

Vin jwenn nou pandan sezon an – gen bagay pou tout moun, epi ap toujou gen plis bagay pou dekouvri.



Raju Mann

Prezidan ak
Direktè Jeneral



Craig Hudon

Vis-Prezidan,
Pwogram Pak yo

SESYON LIB SOU REZILYANS BPC

CHAK MADI, 05 ME–30 JEN | 5–6PM
200 RECTOR PLACE

CHAK VANDREDI, 01 ME–26 JEN | 12–1PM
6 RIVER TERRACE

Retounen sou demann jeneral – avèk seyans nan aswè kounye a! Fè yon ti pase pou rankontre avèk Ajan Lyezon Konstriksyon Kominote w la ak manm nan ekip Pwojè Rezilyans Battery Park City a nan Sektè Nò ak Lwès yo, pou jwenn repons pou kesyon w yo, epi pou fè nou jwenn opinyon w sou travay k ap fèt yo. Orè pwogram Jiyè ak Out yo pral disponib talè.

Pwogram nan p ap fèt 19 jen.

AKTIVITE MWA ME



SIK POU TOUT FANMI AN AVÈK BINDLESTIFF

SAMDI, 02 ME | 10:30AM AK

1:30PM

WAGNER PARK

Pwoche pou vin asiste Foli sou Platfòm yo! Sik estil tan ansyen sa a ap prezante yon melimelo kloun, jonglè, ekilibris, akwobat, atis ayeryen, ak plis toujou–pou delivre yon espektak wo nivo entèresan pou tout fanmi an.

MODPAS

MÈKREDI, 06 ME AK 20 ME | 7PM

POETS HOUSE, 10 RIVER TERRACE

Seri Modpas Poets House la ap prezante pou piblik la powèt li gendwa poko konnen, oswa l ap bay okazyon pi byen konprann zèv yo.

06 ME: **Jawid Mojadedi** sou **Rumi**

20 ME: **Jake Skeets** sou **Joy Harjo**

Yon prezantasyon Poets House nan tèt ansanm avèk Battery Park City Authority.



JOU OUVÈTI MACHE BPC A

DIMANCH, 10 ME | 9AM–2PM

RIVER TERRACE AKOTE IRISH HUNGER
MEMORIAL

Mache Down to Earth yo, ki se inisyativ fèm endepandan ak biznis manje, ofri manje lasezon ki gou, soti nan sous lokal, epi k ap soutni yon sistèm alimantè rejyonal solid. Selebre jou ouvèti a avèk yon pèfòmans Divinity Roxx.

River Terrace ap fèmen pou sikilasyon machin soti nan Murray Street pou rive nan North End Avenue depi 7AM pou 4PM chak Dimanch, 10 Me-22 Nov.

SERI FIM: CINEMA '76

BLOW OUT

JEDI, 14 ME | 6:30PM

6 RIVER TERRACE

Fim Cinema '76 yo ap prezante istwa k ap dewoule an 1976, epi ap gen yon chita pale apre pwojeksyon an pou eksplore tèm yo ak kontèks kiltirèl la nan chak fim.

Nan **Blow Out** (Brian De Palma, 1981), yon mikse son pou sinema aksidantèlman anrejistre prèv yon asasina politik. Fim sansasyon plen tansyon sa a, k ap dewoule pandan Bisantnè a, ap eksplore jan laverite koute chè.

AKTIVITE MWA ME

FUN, FEMME FISHING (LAPÈCH ENTERESAN POU FANM) JEDI, 21 ME | 6PM

MARÈ SALAN WAGNER PARK LA

Vin jwenn pechè nan PBCA ak nan **Sant Lower East Side Ecology** pou yon sware lapèch enteresan pou fanm – se yon evenman ouvè, kote pechè debitan ak eksperimante ka kreye yon kominote ak devlope nouvo konpetans. Vin lanse liy avèk nou! Ou dwe enskri.

Imèl: registration@bpca.ny.gov pou enskri.



RED BARAAT

JEDI, 28 ME
PÒT OUVÈ: 6:30PM, ESPEKTAK: 7:30PM
WAGNER PARK

Yon eksplozyon dans mondyal ki baze nan Brooklyn, Red Baraat melanje ak Bhangra, funk, djaz ak wòk pou yon fèt dechennnen ak plen kè kontan, ki gen kòm animatè mèl dhol Sunny Jain. Yo transfòme chak espektak an yon selebrasyon total lajwa, dans ak tèt ansanm.

AL PECHE!

BATTERY PARK CITY AP SELEBRE LAVI NAN ESTYÈ HUDSON NAN

SAMDI, 30 ME | 10:30AM–1PM

WAGNER PARK

Vin jwenn pechè eksperimante yo pou peche ak relage pwason epi aprann sou lavi nan Flèv Hudson nan. Evènman sa a ap gen ladan l tou yon varyete aktivite enteresan avèk gwoup edikasyon ak defans anviwònman.

FESTIVAL MISHPACHAH

DIMANCH, 31 ME | 11AM–7PM

MIZE PATRIMWÀN JWIF LA, 36 BATTERY PLACE

Vin jwenn Mize Patrimwàn Jwif la pou selebre ak eksplore jeneyaloji, patrimwàn ak imigrasyon jwif! Vizitè yo ka aprann sou listwa imigrasyon, envestige jeneyaloji pwòp fanmi pa yo epi reflechi sou fason nou rakonte istwa nou yo.

Yon prezantasyon Mize Patrimwàn Jwif la nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.

AKTIVITE MWA JEN

SOTI ANPLENNÈ: PWONMNAD APYE NAN LANATI AK DIVÈSITE NAN BPC LENDI, 01 JEN | 5:30PM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

Pou demare Mwa Fyète a, an nou retounen nan rasin nou! Pandan pwonmnad apye nan aswè sa a nan lanati, eksplore listwa kominote LGBTQ+ a sou bòdmè vil nou an ak kreyati k ap viv ladan l yo, avèk yon natralis PBCA.

SERI FIM: CINEMA'76

DAZED AND CONFUSED

JEDI, 04 JEN | 6:30PM

6 RIVER TERRACE

Fim Cinema '76 yo ap prezante istwa k ap dewoule an 1976, epi ap gen yon chita pale apre pwojeksyon an pou eksplore tèm yo ak kontèks kiltirèl la nan chak fim.

Dazed and Confused (Richard Linklater, 1993) se yon fim sou pasaj a laj granmoun k ap suiv yon gwoup adolesan nan yon ti vil Texas nan dènye jounen lekòl la. Premye gran siksè Linklater a, ki se yon ranp lansman pou fiti vedèt yo, montre annui, laperèz ak eksitasyon jenès la santi.

NWIT ETE


VANDREDI, 05 JEN, 17 JIYÈ, 21 OUT | 7PM

WAGNER PARK

Pwezi rankontre avèk mizik nan Wagner Park.

05 JEN: Kinsale Drake, Terrance Hayes, ak mizik Miriam Elhajli. 17 JIYÈ: Eileen Myles, Yaissa Jiménez, ak mizisyèn Samantha Crain. 21 OUT: Jenny Xie, Safia Elhillo, ak mizisyèn Kyle Lux.

Yon prezantasyon Poets House nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City ak Poetry Coalition.



LOVE ALWAYS, IMPRESS

SAMDI, 06 JEN

PÒT OUVÈ: 6:30PM, ESPEKTAK: 7:30PM

WAGNER PARK

Nan selebrasyon Fyète a, Impress pral limen nwit la avèk vwa kristal li a, ak melodi kaptivan li yo, yon libète ekstwòdinè, ak rev je klè k ap benyen nan dans. Voye inibisyon w yo jete epi monte sou yon vag kè kontan total san kanpe.

*Gen pawòl ki gen dwa pa apwopriye pou jèn timoun.
Li rekòmande pou adolesan ak granmoun.*

AKTIVITE MWA JEN

FESTIVAL REPARASYON BPC A DIMANCH, 07 JEN | 10AM–1PM

6 RIVER TERRACE

Twouse manch ou epi resisite afè abime w yo! Avèk espesyalis pou gide w nan reparasyon bijou, nan kouti, ak nan reparasyon abityèl nan kay, ou pral aprann nouvo konpetans, w ap ekonomize yon ti lajan epi w ap evite pou dechè al ateri nan depotwa. Pote yon sache pwovizyon epi pase nan Mache BPC a.

Yon prezantasyon ThinkZERO, LLC ak Battery Park City Authority.

FYÈTE NAN MIZE PATRIMWÀN JWIF LA

DIMANCH, 07 JEN

MIZE PATRIMWÀN JWIF LA, 36 BATTERY PLACE

Vin jwenn Mize Patrimwàn Jwif la pou selebre Fyète! Aprann sou moman desizif nan listwa jwif LGBTQ+ la pandan w ap fè aktivite ki fèt pou tout laj. Ale sou mjhny.org pou jwenn plis enfòmasyon.

Yon prezantasyon Mize Patrimwàn Jwif la nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.

FÈT DIFIZYON KOUP DI MOND FIFA A: ETAZINI KONT PARAGWE

VANDREDI, 12 JEN | 8PM

WAGNER PARK

Vin ankouraje ekip nasyonal maskilin Etazini an antan l ap afwonte Paragwe nan premye match Faz Gwoup li a nan Koup di Mond 2026 la! Viv enèji a avèk lòt fanatik yo, epi selebre chak gòl ansanm lè espò ki pi popilè sou latè a vin lakay nou ete sa a!

8PM Fèt anvan match pou tout fanmi an avèk **Fanfa Queer Big Apple Corps** la

9PM Koudanvwa



AKTIVITE MWA JEN



SELEBRASYON JUNETEENTH VANDREDI, 19 JEN | 11:30AM

ROCKEFELLER PARK

Selebre Juneteenth, Jou Emansipasyon an, avèk **Federasyon Kòbòy Nwa** yo. Asiste yon demonstrasyon ekitasyon estil kòbòy, dans an liy hip-hop ak sol avèk **Go Hard Dancers** yo, ak pwonmad sou do chwal (apati de 3 zan e plis).

FESTIVAL MITAN ETE SYEDWA A

SAMDI, 20 JEN | 4–9PM

MURRAY ST. & RIVER TERRACE

Yon selebrasyon anyèl sòlstitis dete a avèk mizik tradisyonèl Paul Dahlin akonpaye avèk jwè vyolon American Swedish Institute. Dans toutotou poto a anba direksyon espesyalis fòklò eskandinav Ross Sutter. Fabrike kouwòn flè, goute friyandiz syedwa, ak plis bagay toujou!

Lap prezante pa Konsila Jeneral Lasyèd, New York ak Otorite nan Battery Park City



JOUNEN ESPÒTIF KOMINOTÈ BPC A VANDREDI, 26 JEN | 1PM

ROCKEFELLER PARK

Lekòl fèmèn pou ete a! N envite fanmi yo pou yo patisipe nan jwèt anplennè, jwèt avèk dlo ak match tire kòd anyèl nou an, avèk antrenè yo pi renmen yo ki soti nan BPCA ak nan **Asphalt Green**. Plis: Yon pèfòmans bat tanbou espesyal avèk **Maguette Camara**.



BIOBLITZ SEMÈN POLINIZATÈ A SAMDI, 27 JEN | 1PM

WAGNER PARK

Vin jwenn jadyne BPCA yo ak polinizatè espesyalis la **Jay Holmes** k ap travay nan **American Museum of Natural History**, pou rekeyi done enpòtan sou byodivèsite nan pak nou yo. Vini pare avèk aplikasyon **iNaturalist** la, oswa aprann kijan pou fè obsèvasyon nan jaden an. Mete rad ki bon pou travay deyò. Enskri nan registration@bpca.ny.gov

AKTIVITE MWA JIYÈ

RIVER & BLUES

CHAK JEDI NAN MWA JIYÈ

PÒT OUVÈ: 6:30PM, ESPEKTAK: 7:30PM

WAGNER PARK

Viv yon eksperyans mizik ki jwenn enspirasyon nan blues klas mondyal pandan w ap admire Pò New York la.



FANFA REBIRTH JEDI, 09 JIYÈ

Soti nan "Big Easy" rive nan "Big Apple", **Fanfa Rebirth** la se yon enstitisyon Nouvèl-Òleyan, ki genyen Grammy, ki mele rasin tradisyonèl fanfa Nouvèl-Òleyan yo avèk funk ak hip-hop pou kreye pwòp son san parèy li.



THE WAR AND TREATY JEDI, 16 JIYÈ

Depi lè yo te kòmanse klere mond lan avèk fizyon mizik country ak sol yo a, The War And Treaty vin bati yon karyè kòm duo mari ak madanm san parèy. Albòm yo an Plus One pote chante ki inspire, ki santre sou tètansanm, gerizon ak kè kontan.



ALLEN STONE JEDI, 23 JIYÈ

Allen Stone se yon gwo non nan mizik soul ak R&B, ki selèb pou pèfòmans enpresyonan li yo ak vwa rich ak ekspresif li a. Son li an, ki defye tout kategori, mete ansanm ritm antrenan ak pwofondè emosyonèl, sa ki tabli li kòm yon vwa remakab nan mizik soul modèn nan.



AMELIA DAY JEDI, 30 JIYÈ

Yon atis ki gen plizyè talan nan mizik, **Amelia Day** mele fòklò, wòk ak pop avèk rakontay sensè ak entèpretasyon otantik, epi konsa kreye chante ki nouvo men ki fè nou santi nou te konnen yo deja. Konpozisyon li yo ap eksplore tèm ki soti depi nan pasaj a laj granmoun pou rive nan chanjman klimatik, avèk divèsite ak franchiz sou devan sèn nan.

AKTIVITE MWA JIYÈ



SAIL 4TH 250: PARAD ENTÈNASYONAL GRAN BATO A VWAL

SAMDI, 04 JIYÈ | 7:30AM-3PM
PLAS BATTERY PARK CITY A

Pou selebre 250yèm anivèsè nesans Etazini nan dat 4 jiyè a, pi gran flòt ki janm genyen an, avèk ladan l gran bato a vwal ki pi mayifik yo nan lemond, bato militè avèk kòk gri, ak ayewonèf, pral antre nan Pò New York la pou yon Seremoni Enspeksyon Naval Entènasyonal. Pou jwenn tout detay yo sou zòn obsèvasyon ki disponib yo nan Battery Park City, tanpri ale sou bpca.ny.gov ak sou medya sosyo yo.

FÈT POU DIFIZYON KOUP DI MOND FIFA A NAN THE BATTERY

DIMANCH, 05 JIYÈ – DIMANCH, 19 JIYÈ

THE BATTERY, STATE STREET AK BATTERY PLACE

Vin pran nan chalè espò ki pi popilè sou latè a! Gade tout match yo depi nan Uityèm Final rive nan Final la sou gran ekran, avèk jwèt, mizik, ak aktivite pou tout laj. Ale sou bpca.ny.gov ak sou medya sosyo yo pou konn lè match yo.

Lap prezante pa The Battery Conservancy ak Otorite nan Battery Park City



PWONMNAD APYE BÒ FLÈV LA, CITY OF WATER DAY (JOUNEN VIL SOU DLO A)

SAMDI, 25 JIYÈ | 11AM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

City of Water Day, ki se yon inisyativ **Waterfront Alliance** pou pwomosyon yon pò ki rezilyan fas a chanjman klimatik, fè moun ale bò dlo, sou dlo ak nan dlo. Patisipe nan yon pwonmnad gide bò Hudson nan pou dekouvri pwoblèm kominote nou yo ap konfwonte epi pou selebre lavi bò dlo.

AMERICA 250: MOVING TOGETHER (AN NOU DANSE ANSANM) SAMDI, 25 JIYÈ* | 7PM

WAGNER PARK

Battery Dance ap prezante yon espektak yon sèl sware nan Wagner Park alokasyon 250yèm anivèsè nesans Etazini. Avèk Estati Libète a kòm fon, sware a pral yon refleksyon sou 250 an listwa ak idantite ameriken, atravè puisans ekspresif ladans. *Lòt dat pou si gen lapli 26 jiyè

AKTIVITE MWA OUT

DANS LAFRIK DE LWÈS

SAMDI, **01** OUT | 2PM

ROCKEFELLER PARK

Santi ritm lan epi patisipe nan selebrasyon an! **Konpayi Dans Mane Kedang** nan ap pote dans cho soti Lafrik de Lwès, tanbou, ak yon enèji dinamik, epi konsa transpòte piblik la ale nan Lafrik ki nan kè twoup la. Anba direksyon fondatè li a **Maguette Camara**, se kè kontan nèt an mouvman.

FESTIVAL REPARASYON BPC A

DIMANCH, **02** OUT | 10AM–1PM

6 RIVER TERRACE

Twouse manch ou epi resisite saw te genyen ki abime yo! Avèk espesyalis pou gide w nan reparasyon bijou, nan kouti ak reparasyon twal, nan reparasyon ti aparèy menaje, ak plis bagay toujou, ou pral aprann nouvo konpetans, w ap ekonomize yon ti lajan epi w ap evite pou dechè al ateri nan depotwa. Pote yon sache pwovizyon epi fè yon ti vizit nan Mache BPC a.

Yon prezantasyon ThinkZERO, LLC ak Otorite nan Battery Park City.

EVENMAN DETE POU KOLEKTE SAN

MÈKREDI, **05** OUT | 12–6PM

6 RIVER TERRACE

Ede replen rezèv k ap bese yo nan zòn twa eta yo. Pwosesis la annantye pran mwens pase inèdtan e yon sèl don kapab sove plizyè lavi! Enskri jodi a nan: nybloodcenter.org.

WATER TAG EXTREME (BATAY AVÈK PISTOLÈ DLO)

VANDREDI, **07** OUT

5–5:45PM, JWÈT AN FANMI (laj 5–12 avèk

granmoun)

6–7PM, JWÈT AN GWOUP (laj 13+)

ROCKEFELLER PARK

Water Tag konbine eksitasyon jwèt lazè a avèk rafrechisman batay nan dlo. Pare pou tranpe advèsè w yo epi pwoklame laviktwa! Ou dwe enskri, eskane kòd QR la pou fè sa .



Scan QR Code
to RSVP

AKTIVITE MWA OUT

ESPERANZA SPALDING AN KONSÈ

SAMDI, **08** OUT | 7PM

WAGNER PARK

Soti nan serenad rekonfòtan pou rive nan balad ki pafwa twoublan, dènye kreyasyon **esperanza spalding** nan mete an valè yon fòmasyon klasik nan djaz ki parèt atravè rit ansyen enpwovizasyon an. Avèk yon apwòch ibrid ki konbine ansyen ak inovatè, **esperanza** pral prezante pou premye fwa nouvo zèv epi l ap gen akonpayman dansè, kèk nan kolaboratè ki pi selèb li yo, ak zetwal k ap monte nan mizik djaz.

Yon prezantasyon Lower Manhattan Cultural Council (LMCC) nan kad Festival River to River 2026 la, epi nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.



Foto: Lewis

45YÈM FESTIVAL ANYÈL BATTERY DANCE LA

LENDI, 10 OUT–DIMANCH 16
OUT | 7PM

WAGNER PARK

Festival dans gratis ak piblik ki pi ansyen an nan New York ap retounen nan Wagner Park ete sa a. **Festival Battery Dance** la ap reyini konpayi dans espektakilè, lokal ak entènasyonal, epi chak sware ap fini avèk “Everybody Dance Now!”

Tanpri, ale sou batterydance.org pou konn orè pèfòmans yo.

Yon prezantasyon Battery Dance nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.



ESPEKTAK AK ATELYE AILEY II

VANDREDI, **28** OUT | 7:30PM

WAGNER PARK

Dansè **Ailey II** yo ap pote metriz teknik ak pwofondè emosyonèl, nan zèv koefrasi ki gen plis nanm yo ki deja tabli oswa ki fèk ap parèt, epi konsa y ap trase yon nouvo chimen pou dans modèn nan – yon chimen ki ouvè, eksperymantral, epi ki pote transfòmasyon. Ap gen yon anseyan pwogram **Ailey Arts In Education** nan k ap anime yon atelye mouvman pou tout laj apre espektak la.



PWOGRAM POU TOUT LAJ

SUNSET SINGING CIRCLE (CHANTE PANDAN KOUCHÈ SOLÈY)

CHAK VANDREDI, **01 ME–26 JEN** | 7PM

RIVER TERRACE AKOTE IRISH HUNGER MEMORIAL

Chak semèn, chantèz-konpozitris nan Terre Roche ap anime pwogram sa a ki gen ladan l chante klasik ak chante epòk pa nou, ki fèt alafwa pou debitan ak pou chantè eksperimente. .

Pwogram nan p ap fèt 22 Me, 19 Jen.

HUDSON JAMS

KÈK SAMDI, **09 ME, 06 JEN, 11 JIYÈ** | 10:30AM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

Ritm ak mizik pral plen lè a nan pwogram batman tanbou nan samdi maten sa a. Suiv batè tanbou pwofesyonèl yo antan y ap gide w avèk ritm teknik batman tanbou tradisyonèl afriken yo. Y ap ba ou tanbou, e ou te mèt danse!

MACHE BPC A

CHAK DIMANCH, **10 ME–22 NOV** | 9AM–2PM

RIVER TERRACE ASIDE THE IRISH HUNGER MEMORIAL

Mache Down to Earth yo, ki se inisyativ fèm endepandan ak biznis manje, ofri manje lasezon ki gou, soti nan sous lokal, epi k ap soutni yon sistèm alimantè rejyonal solid.

Ap gen aktivite pou tout fanmi an pandan tout sezon an.

P ap gen mache 27 septanm.

River Terrace ap fèmen pou sikilasyon machin soti nan Murray Street rive nan North End Avenue, apati de 7AM pou 4PM nan jou mache yo

MIZE GRATSYÈL LA: PWOGRAM POU TOUT FANMI AN, VIZIT APYE, AK KONSÈ VYOLON

39 BATTERY PLACE

Skyscraper Museum (Mize Gratsyèl la) ofri yon varyete pwogram pou tout laj, pami yo pwogram pou tout fanmi an, vizit apye pandan lete, ak konsè vyolon ki plen galri a avèk mizik. Tanpri gade skyscraper.org pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri.

Yon prezantasyon The Skyscraper Museum nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.

MIZE PATRIMWÀN JWIF LA: FIM NAN MIZE A

36 BATTERY PLACE

Vin jwenn **Mize Patrimwàn Jwif** la chak mwa pou pwojeksyon fim k ap selebre lavi ak patrimwàn jwif la avan, pandan, ak apre Olokos la. Tanpri gade mjhnyc.org pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri.

Yon prezantasyon Mize Patrimwàn Jwif la nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.

PWOGRAM POU GRANMOUN AK MOUN AJE

OBSÈVASYON ZWAZO NAN BPC

CHAK LENDI, **04 ME–18 ME** | 9:30AM

RECTOR PARK

Seri soti sa yo pou al obsève zwazo pandan prentan an ap eksplòre pak BPC yo pou dekouvri sa ki fè yo se kote zwazo lavil yo ak migratè mèveye yo renmen reyini! Pou obsèvatè zwazo tout nivo ak tout kapasite.

MEDITASYON NAN MATEN

CHAK LENDI, **04 ME–26 OKT** | 9:45–10:15AM 6

RIVER TERRACE

Kòmanse jounen w pa ekilibre lespri w ak kò w pandan yon enstriktè ap gide w nan meditasyon. Pratik renome sa a bese tansyon, redwi estrès, e ranfòse sistèm iminitè a. Pwogram nan p ap fèt 25 me, 7 septanm, 12 oktòb

EGZÈSIS AN GWROUP POU GRANMOUN AJE

CHAK LENDI, 04 ME–26 OKT | 10:30–11:30AM

6 RIVER TERRACE

Enstriktè a pral gide w nan mouvman ritme ak egzèsis ayewobik, nan egzèsis ekilib ak kowòdinasyon, nan antrènman miskilè, ak nan rekiperasyon. Pwogram nan p ap fèt 25 me, 7 septanm, 12 oktòb.

KREYASYON LITERÈ

CHAK LENDI, 04 ME–15 JEN | 10:30AM–12PM

BIBLIYOTÈK BATTERY PARK CITY A, 175 NORTH END AVENUE

Prezante nan tèt ansanm avèk **Bibliyotèk Battery Park City** a, seyans ekriti sa yo ki gen kòm animatè **Jon Curley**, ap ankouraje patisipan yo pou yo sèvi avèk obsèvasyon pèsònèl kòm fason pou amelyore estil ekriti yo. Ou dwe enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov. Pwogram nan p ap fèt 25 me.



PWOGRAM POU GRANMOUN AK MOUN AJE

KREYASYON LITERÈ LESPRI '76

CHAK LENDI, **13** JIYÈ–**27** JIYÈ | 2– 3:30PM

BIBLIYOTÈK BATTERY PARK CITY A, 175 NORTH END AVENUE

Atelye ekriti enteresan an twa seyans sa a, ki òganize nan tèt ansanm avèk Bibliyotèk BPC a, pral reflechi sou 250yèm anivèsè Revolisyon Amerikèn nan, epi favorize rapwochman avèk diferan idantite ameriken. Pami lòt sijè pou ekri ak fè chita pale, nou pral kreye yon “kapsil tan envèse”, pou bay Revolisyonè imajinè nou yo yon ide sou kiyès nou ye jodi a. Ou dwe enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov.

APRANN PICKLEBALL

CHAK LENDI, **04** ME–**29** JEN | 10AM–1PM

WEST THAMES PARK

Pickleball la se yon fizyon ant badminton ak tenis, ki fin popilè nèt. Pwofite match pickleball lib, san enskripsyon nan West Thames Park. Jwèt lib la ankouraje wotasyon match yo, plezi jwe ansanm nan, ak konpetisyon amikal pou jwè tout nivo. Pwogram nan p ap fèt 25 me.

ZUMBA POU GRANMOUN

CHAK MADI AK CHAK VANDREDI, 01 ME–30 OKT | 10:30–11:30AM

IRISH HUNGER MEMORIAL PLAZA

Yon pwofesè dans cho ak yon koregrafi dans latin fasil pou suiv, pou travay sou ekilib ou, kowòdinasyon w, ak anplè mouvman w. Pwogram nan p ap fèt 22 me, 19 jen, 3 jiyè, 4 septanm, 9 oktòb.

KLÈB LEKTI BPC A

SÈTEN MADI, **19** ME, **16** JEN, **14** JIYÈ | 1–2PM

200 RECTOR PLACE

Edisyon Seri Televize Dete a! Vin jwenn nou pou fè chita pale plen animasyon ak refleksyon! Alokasyon 250yèm anivèsè ane 1776 la, nou pral eksplòre dokiman tè apwofondi ak ekilibre Ken Burns lan, Revolisyon Amerikèn nan. Gade l sou bò pa w epi vin pale de li! Seri a disponib sou pbs.org.

19 ME: Revolisyon Amerikèn nan, Epizòd 1 ak 2

16 JEN: Revolisyon Amerikèn nan, Epizòd 3 ak 4

14 JIYÈ: Revolisyon Amerikèn nan, Epizòd 5 ak 6

PWOGRAM POU GRANMOUN AK MOUN AJE

MAH JONGG AK PLIS BAGAY TOUJOU

CHAK MADI, **05** ME–**27** OKT | 2–4PM

200 RECTOR PLACE

Vin jwenn yon gwoup granmoun devwe fanatik Mah Jongg ameriken pou match amikal ak enfòmèl, oswa eseye lòt jwèt kat ak jwèt sosyete. Fè zanmi epi rebran kontak avèk vwazen w yo. N ap bay je yo ak kat yo, oswa pote pa w. Pou plis enfòmasyon voye yon imèl pou: 200rector@bpca.ny.gov

SUNSET SALSA (SALSA PANDAN KOUICHE SOLÈY)

CHAK MADI, **18** OUT–**1** SEP | 6PM

WAGNER PARK

Ke w gen eksperyans nan dans ke w fèk kòmanse, patisipe nan yon leson dans, epi apre sa asiste yon espektak mizik devan piblik la.

TAI CHI

CHAK MÈKREDI AK CHAK VANDREDI

01 ME–**30** OKT | 08:30–9:30AM

WAGNER PARK

Improve balance, strength, and focus through gentle exercises. The sights and sounds of the river provide a serene background for the ancient flowing postures. Pwogram nan p ap fèt 22 me, 3 jiyè, 4 septanm, 9 oktòb.

FIGURE AL FRESCO (MODÈL ANPLENNÈ)

CHAK MÈKREDI, **06** ME–**28** OKT | 10AM–12PM

RECTOR PARK EAST

Nan yon kad san parèy, yon modèl ap poze pandan yon ti moman oswa pi lontan pou patisipan yo fè desen li. Ap gen yon atis/edikatè k ap ofri sijesyon ak kritik konstruktif. N ap bay materyo desen yo, oswa pote pa w.

KORAL DOWNTOWN BEATS

CHAK MÈKREDI, **06 ME–28 OKT** | 1–2PM

200 RECTOR PLACE

Sou direksyon Church Street School of Music, koral granmoun Downtown Beats la ouvè pou tout moun ki renmen chante! Aprann chante epòk pa nou ak chante klasik epi chante yo nan aktivite kominotè pandan tout ane a.

ELEMAN DESEN LANATI

CHAK MÈKREDI, **06 ME–28 OKT** | 2–4PM

WAGNER PARK

Ankouraje travay atistik ou nan mitan palèt plen flè k ap evolye avèk sezon yo nan jaden vèt BPC yo. Ap gen yon atis/edikatè k ap bay ide ak enstriksyon. N ap bay materyo yo, oswa pote pa w.

SUNSET YOGA (YOGA PANDAN KOUICHE SOLÈY)

CHAK MÈKREDI, **06 ME–26 OUT** | 6–7PM

06 ME–24 JEN, WAGNER PARK

01 JIYÈ–26 OUT, RECTOR PARK WEST

Ranfòse kò w epi kiltive konsyans ou nan yon anviwònman rilaks pandan enstriktè w la ap gide w nan aliyman yo ak pòz yo. Y ap akeyi tout nivo. Vin avèk pwòp tapi pa w, paske akseswa y ap bay yo se ap premye rive, premye sèvi.



AJE LESON MAH JONGG

CHAK JEDI, **07 ME–11 JEN** | 10AM–12PM

200 RECTOR PLACE

Aprann règ yo ak aspè teknik yo nan Mah Jongg ameriken an. Patisipe nan yon lesan an gwoup dezèdan avèk monitris **Susan Richards**. N ap bay je yo ak kèk kat, oswa pote pa w. Tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov pou enskri.

ATELYE ATIZANA TEKSTIL

CHAK JEDI, **07 ME–29 OKT** | 1–3PM

200 RECTOR PLACE

N ankouraje atizan tekstil yo pou yo pote pwojè triko, kwochè, bwodri ak tisaj sou ti metye, pou yon apremidi enteresan plen kreyativite ak kòkòday.

Pou plis enfòmasyon voye yon imèl pou: 200rector@bpca.ny.gov.

DESEN NAN PAK

CHAK SAMDI, **02 ME–31 OKT** | 10AM–12PM

WAGNER PARK

Pentire avèk akwarèl oswa sèvi avèk pastèl ak lòt materyo desen pou sezi panorama majik yo sou Flè Hudson nan ak peyizaj san parèy Wagner Park la. Ap gen yon atis/edikatè k ap ede patisipan tout nivo avèk enstriksyon ak kritik. N ap bay materyo yo oswa pote pa w. Pwogram nan p ap fèt 23 me, 20 jen, 4 jiyè, 5 septanm, ak 10 oktòb.



PWOGRAM POU TIMOUN KI GEN LAJ POU LEKÒL

FOUTBÒL POU TIMOUN

CHAK LENDI, **04 ME–26 OKT**

LAJ 3-5 AN: 3-3:30PM

LAJ 6-10 AN: 3:45-4:30PM

ROCKEFELLER PARK

Pratike fonnman foutbòl yo gras a antrènman enteresan k ap fè w fè efò, egzèsis ak match amikal pou tout nivo. Ou dwe mete soulye fèmèn. Pwogram nan p ap fèt 25 me, 7 septanm, 12 oktòb.

KLÈB NATIRALIS POU TIMOUN

CHAK LENDI, **04 ME–15 JEN** | 3:30–5PM

POU KLAS 2YÈM-5YÈM ANE

WAGNER PARK

Vin jwenn nou apre lekòl pou eksplòre pak BPC yo! Aprann sou lanati ki nan lakou w la pandan w ap obsève zwazo, peche, ak fè plis bagay toujou! Ou dwe enskri, tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov. Pwogram nan p ap fèt 25 me.

ATELYE BASKÈTBÒL

CHAK MADI, **05 ME–30 JEN** | 3–4:30PM

LAJ 3-5 AN: 3-3:30PM

LAJ 6-10 AN: 3:45-4:30PM

TEREN BASKÈTBÒL WEST THAMES LAN

Devlope kowòdinasyon w ak ekilib ou, antrene nan lanse balon, fè pas, ak jwe match! Pratike fonnman baskètbòl yo gras a match enteresan k ap fè w fè efò, avèk egzèsis pou tout nivo. Ou dwe mete soulye fèmèn.

ATELYE KOKO NYC: KONSTRIKSYON NAN JADEN

CHAK MADI, **05 ME–26 ME** | 3:30–5PM

TAB PIKNIK YO NAN ROCKEFELLER PARK

Vin jwenn **KoKo NYC** pou transfòme materyo rekipere an estrikti fantastik pou Jaden pou Timoun nan! Atis anseyan yo pral gide konstrikte tout laj nan pwojè ki apwopriye pou laj yo. Dènye jou pwogram nan se ap dimanch 31 me, avèk yon selebrasyon antan n ap enstale kreyasyon final la nan jaden an.

PWOGRAM POU TIMOUN KI GEN LAJ POU LEKÒL

ESPÒ POU TIMOUN

CHAK MADI, 07 JIYÈ–27 OKT

LAJ 3-5 AN: 3-3:30PM

LAJ 6-10 AN: 3:45-4:30PM

ROCKEFELLER PARK

Devlope kowòdinasyon w ak ekilib ou, antrene nan frappe boul, trape, ak jwe match! Pratike fonnman diferan espò gras a match enteresan k ap fè w fè efò, avèk egzèsis pou tout nivo. Ou dwe mete soulye fèmèn.

KLÈB JADINAJ POU TIMOUN

CHAK MADI, 05 ME–27 OKT | 3:15–4:45PM

POU LAJ AGES 6-10 AN

JADEN POU TIMOUN NAN ROCKEFELLER PARK

Patisipe nan plante, wouze, wete raje, fè konpòs, ak lòt pratik jadinaj ekolojik. Aprann sou polinizatè lokal yo, sik lavi plant yo, epi kreye èv da nan jaden an! Tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov pou enskri.

MÈKREDI ATISTIK NAN TEARDROP

CHAK MÈKREDI, 06 ME–28 OKT | 3:30–5PM

TEARDROP PARK

Eksplòre anviwònman san parèy Teardrop Park la pandan w ap kreye zèv atistik dinamik. Pwofesè zèv atistik yo ap dirije pwojè endividyèl ak an gwoup avèk ajil, kolaj, penti, ak plis bagay toujou. Y ap bay materyo atistik yo. Mete rad ki ka vin sal! Pou laj omwen 5 an.

JEDI ATISTIK NAN ROCKEFELLER

CHAK JEDI, 07 ME–29 OKT | 3:30–5PM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

Kite atis ki kache andedan w lan briye nan Park House. Pwofesè atistik yo ap dirije pwojè endividyèl ak an gwoup avèk ajil, kolaj, penti, ak plis bagay toujou. Y ap bay materyo atistik yo. Mete rad ki ka vin sal! Pou laj omwen 5 an ak plis.

PWOGRAM POU TIMOUN JADENDANFAN

JWÈT AK RAKONTAY NAN PARK HOUSE

CHAK LENDI, **04 ME–26 OKT** | 10:30–11:45AM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

N ap rele tout timoun anbazay! Jwèt lib ak rakontay avèk lòt jèn timoun ak moun k ap okipe yo. Granmoun yo ap patisipe pandan tout pwogram nan. Pwogram nan p ap fèt 25 me, 7 septanm, 12 oktòb.

CHANTE AK KONT POU TIMOUN PITI

CHAK LENDI, **04 ME–26 OKT** | 03:30–4:30PM

TEARDROP PARK

Nou pral fè mizik ansanm, tire kont, ak plis bagay toujou. Pou timoun piti jiska laj pou jadendanfan ak granmoun ki akonpaye yo. Pwogram nan p ap fèt 25 me, 7 septanm, 12 oktòb.

YOGA POU PARAN AK TIBEBE

CHAK LENDI, **04 ME–29 JEN** | 1–2:15PM

6 RIVER TERRACE

Vin aprann fè egzèsis yoga ki espesyalman bon pou nouvo paran ak tibebe – depi lè yo fèk fèt jiska lè y ap rale. Tanpri voye yon imèl pou: registration@bpca.ny.gov pou enskri.

Pwogram nan p ap fèt 25 me.



PWOGRAM POU TIMOUN JADENDANFAN

YOUNG SPROUTS GARDENING

CHAK MADI, **05 ME–27 OKT** | 10:30–11:15AM

JADEN POU TIMOUN NAN ROCKEFELLER PARK

Ti jadinya yo ak granmoun ki akonpaye yo ap wè mond lan menm jan avèk ensèk! Patisipan yo pral wouze, fouye, ak admire plant ak flè ki antoure nou yo pandan y ap obsève lanati.

KINDIE ROCK

CHAK MÈKREDI, **06 ME–10 JEN** | 10–10:45AM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

Amize w nan yon konsè anime antan atis dinamik nou yo ap fè timoun yo chofe nan fè mouvman ak chante ansanm!

ATISTIK POU JADENDANFAN

CHAK JEDI, **07 ME–29 OKT** | 10:30AM–12PM

ROCKEFELLER PARK HOUSE

Atis trè jèn yo ap fè konsepsyon avèk papye, ajil, penti ak materyo resiklab toulejou, epi transfòme yo an chedèv kreyativite ak plezi. Gen yon pwofesè atistik k ap prezante pwojè ki apwopriye pou laj yo. Y ap bay materyo yo. Mete rad ki ka vin sal!



BILL T. JONES: WORLD PREMIERE

JEDI, **10** SEPTANM, SAMDI **12** SEPTANM AK DIMANCH **13** SEPTANM

WAGNER PARK

Yon premye reprezantasyon mondyal atis vizyonè Bill T. Jones, k ap reponn yon pèfòmans ki te modifiye poutèt evènman 11 septanm 2011 yo. Pou komemore 25yèm anivèsè a, nouvo zèv sa a ap pote dans tounen nan Lower Manhattan – anba enfluyans rezilyans ak pasaj tan.


Yon prezantasyon Lower Manhattan Cultural Council (LMCC) nan kad Festival River to River 2026 la, epi nan tèt ansanm avèk Battery Park City Authority.

ILLUMINATION LIGHT ART FESTIVAL (FESTIVAL ZÈV ATISTIK KLÈRE AK LIMYÈ)

JEDI, **17** SEP – SAMDI **19** SEP | 7PM

WAGNER PARK

Plonje tèt ou nan yon festival limyè anplennè san parèy avèk Illumination.nyc. Entèraji avèk kreyasyon ki baze sou limyè epi danse avèk DJ anba zetwal yo.



KOMEMORASYON SIKLÒN MARIA

SAMDI, **19** SEPTANM | 3PM

KOMEMORASYON SIKLÒN MARIA

Komemore nèf ane depi Siklòn Maria te devaste Pòtoriko. Pwezi **Bonafide Rojas**, mizik ak dans **Los Pleneros de la 21** devan piblik la, ak yon mikwo ouvè avèk animasyon **Paul con Queso**, pral rann omaj a moun siklòn nan te touche.

Yon prezantasyon Nuyorican Poets Café nan tèt ansanm avèk Otorite nan Battery Park City.



FÈT KATYE BPC A

SAMDI, **26** SEPTANM | 11AM– 4PM

Yon tradisyon anyèl nan katye a avèk jwèt pou timoun ak aktivite pou tout fanmi an, espektak mizik devan piblik la k ap mete an vedèt talan katye a, biznis lokal yo ak restoran yo, konkou, prim, ak plis bagay toujou! Pou patisipe, voye yon imèl pou: info.bpc@bpcnyc.gov.

WALK OPERA: EARTH AIR FIRE WATER (PWONMNAD APYE NAN OPERA: TÈ LÈ DIFE DLO)

SAMDI, **03** OKTÒB | 1–4PM

WAGNER PARK

Vin jwenn atis Pat Oleszko pou yon selebrasyon antchoutchout ak degrenngòch, avèk kreyati dlo gonflab efreyan k ap devore Paviyon an, yon fanfa k ap mache pa bak ki reprezante refi kontwòl klima a, dansè ap sotè Resist Ants, ak yon "Armadada" bato piblik la kreye pou yon kous nan direksyon lavni. Travay Oleszko a te prezante dènyèman nan Ekspozisyon Whitney ki Fèt Chak Dezan an, nan Sculpture Center a, ak nan Art Basel Miami Beach.



ESPAS KOMINOTÈ YO

SALDEKLAS PAVIYON WAGNER A

Espas fleksib 1,247 pye kare a gen plafon yon wotè 21 pye, avèk mi an beton ki gen yon achitekti san parèy, ki dekore avèk gran fenèt koube ki bay fas sou sid ak sou lès. Panorama anblematik Flèv Hudson nan, Pò New York la, Estati Libète a, ak kouche solèy mayifik sou orizon New Jersey a, amelyore espas la.

Pri:

- Evenman 1 èdtan (30 minit pou enstale, 30 minit pou defèt) - \$250
- Evenman 2 èdtan (1 èdtan pou enstale, 1 èdtan pou defèt) - \$500
- \$125/èdtan anplis

Gendwa gen pri redui disponib pou òganizasyon ki pa gen bi fè lajan, pou ajans gouvènman, ak pou evènman k ap sèvi kominote Battery Park City a an jeneral.

Pou jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl pou: wagnerclassroom@bpca.ny.gov.



ESPAS KOMINOTÈ YO

6 RIVER TERRACE, SAL KOMINOTÈ

Sal kominotè fleksib, 2,000 pye kare sa a, ki adapte pou moun andikape, disponib pou lwe pou fèt, reyinyon, aktivite kominotè, reyinyon fanmi, ak plis bagay toujou. Pri yo kòmanse a \$600 pou yon aktivite dezèdtan. Ou dwe siyen kontra lokasyon epi nou dwe resevwa demann yo omwen 30 jou davans.

Pou vizite lokal la ak jwenn enfòmasyon, voye yon imèl pou: 6riverterrace@bpca.ny.gov.



200 RECTOR PLACE, SAL KOMINOTÈ

Sal kominotè sa a se yon espas 600 pye kare ki fleksib ak adapte pou moun andikape, ki disponib pou lwe pou reyinyon biznis ak reyinyon kominotè, ak ti reyinyon sosyal, famiyal, ak reyinyon pou fèt.

Pri yo kòmanse a \$50 pa èdtan. Ou dwe siyen kontra lokasyon epi nou dwe resevwa demann yo omwen 30 jou davans. Pou vizite lokal la ak jwenn enfòmasyon, voye yon imèl pou: 200Rector@bpca.ny.gov.





Sant Kominotè a se yon resous bon mache ak fasil pou aktivite rekreatif, espò, natasyon, ak egzèsis fizik. Ale sou: bpca.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

ABÒNMAN ANYÈL


GRANMOUN (18+)	\$199
REZIDAN BATTERY PARK CITY	\$179
TIMOUN, GRANMOUN AJE (62+), MILITÈ	\$79
REZIDAN BATTERY PARK CITY	
TIMOUN, GRANMOUN AJE, AK MILITÈ	\$59

Pou jwenn plis enfòmasyon, al vizite Sant Kominotè a nan 345 Chambers Street, New York, NY 10282
bpca.ny.gov, oswa voye yon imèl pou: communitycenter@bpca.ny.gov

TEREN BOUL BPC YO
01 ME-31 OUT

LENDI - VANDREDI, 8AM-9PM
SAMDI AK DIMANCH, 9AM-9PM

Yo chita nan West Street nan mitan Murray Street ak Warren Street.
 Yo ouvè pandan tout ane a pou espò an gwoup.
 Pou mande yon pèmi pou Teren Boul yo, tanpri ale sou: bpca.ny.gov/apply/permits



Ale sou bpca.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon ak pou enskri pou resevwa nouwèl sou konstriksyon yo.
 Si w gen kesyon, pran kontak avèk Ajan Lyezon Konstriksyon Kominote a Michael Ryan (917) 436-6739, oswa voye yon imèl pou nwbpcrinfo@bpca.ny.gov.

SESYON LIB SOU REZILYANS BPC

CHAK MADI, 05 ME-30 JEN | 5-6PM
200 RECTOR PLACE

CHAK VANDREDI, 01 ME-26 JEN | 12-1PM
6 RIVER TERRACE

Pou pwoteje katye nou an kont monte nivo lanmè a ak gwo move tan ki genyen pi souvan, konstriksyon yo nan Pwojè Rezilyans Battery Park City a, seksyon Nò / Lwès, te kòmanse nan finisman ane 2025 la epi yo sipoze fini an 2030. Èske w gen kesyon? Nou gen repons. Vin jwenn nou nan Rankont pou Enfòmasyon sou Rezilyans yo epi aprann plis sou sa k ap fèt nan blòk ou a.





Battery Park City Authority

www.bpca.ny.gov

info.bpc@bpca.ny.gov

[f facebook.com/batteryparkcityparks](https://www.facebook.com/batteryparkcityparks)

[X x.com/bpca_ny](https://www.x.com/bpca_ny)

[i instagram.com/bpcparks](https://www.instagram.com/bpcparks)

[@ threads.com/@bpcparks](https://www.threads.com/@bpcparks)

Akomodasyon Rezonab pou Piblik la An Jeneral

Si yon moun nan piblik la ki gen yon andikap bezwen yon akomodasyon rezonab pou li vini nan park, estasyon, oswa pwogram BPCA yo, moun sa a te met kontakte Kowodonatè ADA BPCA a nan (212) 417-2000.

Enprime sou pape san klò resikle a 100% avèk lank soja ak vejetal.